

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa nya éta hiji sistem komunikasi ku sora ngaliwatan alat ucap katut pangdégé di antara anggota kelompok atawa hiji kumpulan masarakat nu tangtu kalawan maké lambang sora nu boga harti arbitrér tur konvènsional (Pei & Gaynor, 1954:119 dina Sudaryat, 2000: 5).

Nurutkeun Sudaryat (1991: 1 dina Sudaryat, 2000: 6), basa nya éta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép-seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan patalimarga atawa komunikasi.

Tina dua wangenan basa di luhur, tangtu waé dina kahirupan manusa, basa mangrupa salasihiji komponén primér nu kawilang penting, sabab patali jeung komunikasi nu ngawangun rupa-rupa kode nu bisa kaharti ngaliwatan lambang sora atawa tulisan. Sora atawa tulisan dijadikeun alat pikeun nepikeun kereteg haté, maksud, atawa kahayang hiji jalma atawa panyatur sangkan kaharti ku jalma lian atawa pangregep.

Basa salaku lambang sora disebut komunikasi sacara langsung, sabab antara panyatur jeung pangregep paamprok dina prosés komunikasina. Sedengkeun basa salaku lambang tinulis disebut komunikasi sacara teu langsung, sabab antara nu nulis jeung nu maca merlukeun heula waktu saacan informasi tepi ka nu maca.

Basa salaku lambang tinulis merlukeun kasiapan méntal dina prakranana. Nulis téh lain hal nu babari sarta teu bisa disaruakeun jeung kaparigelan nyarita, sanajan sarua pada-pada ngébréhkeun kereteg haté. Kaparigelan nulis dipigawé ku cara dihaja, boh dina mikirkeun naon nu rék ditulis boh organisasi makéna basa éta sorangan dina wangun lambang tulisan. Teu cara nyarita, nu mayoritas dipigawé sacara spontan saupama aya rangsangan tangtu aya réspon.

Purwanti Indra Sumantri, 2013

*Kamampuh Nulis Guguritan Siswa Kelas VIII H MTs YPPA Cipulus*

*Taun Ajaran 2012/2013*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tarigan (1994: 4) nétélakeun yén, kaparigelan nulis mibanda kalungguhan anu penting nya éta mangrupa alat pikeun nyatet atawa ngarékam, ngayakinkeun, ngalaporkeun atawa méré nyaho jeung mangaruhan jalma lian. Prosés komunikasi teu langsung bisa jadi hiji média pikeun nepikeun gagasan dina wangun tinulis. Salian ti éta, informasi nu aya dina wangun tinulis, bisa dijadikeun hiji rékaman anu salawasna moal bisa robah, tepi ka hal-hal anu pangleutikna, saperti titik jeung koma. Béda deui saupama ngaliwatan prosés komunikasi langsung, nalika nyaritakeun hal nu sarua di sababaraha tempat anu béda, basa nu dicaritakeun sok robah-robah, kadang mah sok poho aya nu teu kacaritakeun.

Dideudeulan deui ku sawangan Tarigan (1994:3) anu netelakeun yén nulis téh nya éta salasahiji kaparigelan ngagunakeun basa nu dipaké pikeun komunikasi sacara teu langsung. Nulis mangrupa hiji kagiatan nu produktif jeung eksprésif. Hartina, kagiatan nulis bisa jadi hiji kagiatan anu pikaresepeun, kagiatan anu bisa mawa nu nulis ka dunya anu dipikahayang ku manéhna, tur bisa mawa jalma lian milu ancrub ka dunya imajinasi nu nulis ngaliwatan tulisanana.

Nulis mangrupa salasahiji kaparigelan ngagunakeun basa tina opat aspék kaparigelan ngagunakeun basa nu diajarkeun di sakola, saluyu jeung Kurikulum KTSP pangajaran basa Sunda, disagédéngeun ngaregepkeun, nyarita, jeung maca. Opat kaparigelan ngagunakeun basa ieu téh mangrupa hiji beungkeutan nu teu bisa dipisahkeun antara kaparigelan nu hiji jeung kaparigelan nu séjénna, disebutna gé kaparigelan basa téh mangrupa catur tunggal.

Dumasar kana pamadegan Tarigan (1994: 4), kaparigelan nulis mangrupa hiji kaparigelan basa anu teu bisa kapimilik kalawan otomatis, tapi butuh waktu, prosés, pangalaman, jeung butuh latihan nu intensif. Saupama kitu, tangtu kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan anu panghéséna tina opat kaparigelan ngagunakeun basa. Ku sabab saacan ngamimitian nulis, nu nulis kudu ngaliwatan tilu kaparigelan heula, nya éta ngaregepkeun, nyarita, jeung maca, kakara bisa nulis.

Kaparigelan nulis penting pisan pikeun murid SMP. Saupama murid SMP geus mimiti diwanohkeun kana nulis, sacara otomatis uteukna bakal mibutuh rupa-rupa élmu pangaweruh nu dicangking alatan hasil macaan rupa-rupa

Purwanti Indra Sumantri, 2013

*Kamampuh Nulis Guguritan Siswa Kelas VIII H MTs YPPA Cipulus*

*Taun Ajaran 2012/2013*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

référénsi tina buku, sabab kaparigelan nulis moal bisa lumangsung kalayan maksimal lamun teu dirojong ku maca buku. Lamun geus kitu, bakal ngajadikeun hiji kumpulan masarakat anu literat, halabhab ku rupa-rupa pangaweruh nu dicangking tina buku.

Ku kituna, cara pikeun mikanyaho sakumaha kamampuh siswa nulis dina basa Sunda, salasihijina nya éta ku cara nulis guguritan. Guguritan nya éta karya sastra dina wangun puisi heubeul, mangrupa karangan déskriptif nu kauger ku aturan pupuh.

Pangna dipilih guguritan salaku objék pikeun mikanyaho kamampuh nulis, alatan can aya calon sarjana strata hiji nu nalungtik ieu hal. Anapon objék panalungtikanana sarua ogé, lolobana leuwih museur kana ajén, jeung uji coba modél pangajaran dina ngajarkeun guguritan. Ngarang guguritan merlukeun prosés mikir nu leuwih jero tibatan ngarang tulisan nu séjénna. Ku sabab, dina prak-prakanana kudu milu kana aturan pupuh, nu nulis teu bisa sagawayah nuliskeun ide, kereteg haté, atawa gagasan, lantaran kudu tuhu kana aturan nu aya. Gaya basa anu dipilihna ogé kudu sambung-sinambung ngawangun hiji tulisan anu bisa kaharti ku nu maca.

Aya opat kaunggulan dina pangajaran nulis guguritan, salian ti siswa diajar ngabiasakeun nulis, siswa ogé bisa diajar nembang pupuh, tur bisa wanoh kana salasihiji akultularisasi kabudayaan urang Sunda hususna guguritan, jeung diajar ngagunakeun basa Sunda kalayan tarapti.

Ieu hasil panalungtikan bisa nambahan pangaweruh pikeun sakabéh masarakat akademis anu mibutuh informasi ngeunaan kamampuh nulis guguritan, tur bisa dijadikeun salasihiji bahan référénsi pikeun mekarkeun deui panalungtikan ngeunaan nulis guguritan.

Dina SK jeung KD pangajaran nulis guguritan téh diajarkeun pikeun murid SMP kelas VIII. Ku sabab kitu, ieu panalungtikan dilaksanakeun di kelas VIII H MTs YPPA Cipulus Purwakarta. Pangna ieu MTs dipilih pikeun dijadikeun lokasi panalungtikan ku sabab, sanajan sakola swasta, tapi ieu sakola téh jadi pangjugjungan *orangtua* murid pikeun mihapékeun budakna sabab, daérah Cipulus mangrupa daérah pasantrén anu gedé. Nepi ka ieu sakola téh jadi sakola anu

Purwanti Indra Sumantri, 2013

***Kamampuh Nulis Guguritan Siswa Kelas VIII H MTs YPPA Cipulus***

***Taun Ajaran 2012/2013***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

miboga rombel panglobana sakabupatén Purwakarta. Murid anu sakola di ieu MTs ogé lolobana urang luar Cipulus, diantarana nya éta urang Karawang, Subang, Bekasi, Bandung, Cianjur, malah mah aya anu ti luar pulau ogé.

Ku majemukna siswa nu aya di MTs YPPA Cipulus, tangtuna bakal aya rupa-rupa basa wewengkon jeung lentong nu dipaké. Ieu hal bakal mangaruhan ogé kana prosés makéna basa dina wangun tulisan unggal-unggal siswa. Pangna dipilih kelas VIII H salaku objék panalungtikan sabab, numutkeun guruna sorangan kelas VIII H téh kelas pangdariana saupama diajar basa Sunda.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu skripsi dibéré judul, "Kamampuh Nulis Guguritan Siswa Kelas VIII H MTs YPPA Cipulus Taun Ajaran 2012/2013."

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **a. Watesan Masalah**

Dumasar kana kompléksna permasalahan nu aya patalina jeung pangajaran nulis guguritan, diwatesan masalah panalungtikan sangkan teu méngpar tina tujuan. Masalah anu ditalungtik nya éta hayang mikanyaho kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII H MTs YPPA Cipulus dumasar kana kasaluyuan nulis guguritan jeung kualitas sarta lingkup eusi, watek, guru lagu, jeung guru wilangan, ngagunakeun pupuh maskumambang.

### **b. Rumusan Masalah**

Sakumaha nu dipedar di luhur yén masalah dina ieu panalungtikan téh nya éta nganalisis kamampuh siswa nulis guguritan siswa. Ku kituna, rumusan masalah ditepikeun dina wangun patalékan saperti ieu di handap.

1. Kumaha kamampuh nulis guguritan siswa MTs YPPA Cipulus kelas VIII H, dumasar kana kualitas jeung lingkup eusi?
2. kumaha kamampuh nulis guguritan siswa MTs YPPA Cipulus kelas VIII H, dumasar kana watek pupuh?
3. Kumaha kamampuh nulis guguritan siswa MTs YPPA Cipulus kelas VIII H, dumasar kana guru lagu?

Purwanti Indra Sumantri, 2013

*Kamampuh Nulis Guguritan Siswa Kelas VIII H MTs YPPA Cipulus  
Taun Ajaran 2012/2013*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

4. Kumaha kamampuh nulis guguritan siswa MTs YPPA Cipulus kelas VIII H, dumasar kana guru wilangan?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum, tujuan anu dihontal sabada diayakeun ieu panalungtikan téh pikeun mikanyaho kamampuh nulis guguritan siswa MTs YPPA Cipulus.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Luyu jeung rumusan masalah anu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho gambaran ngeunaan:

1. kamampuh nulis guguritan siswa MTs YPPA Cipulus kelas VIII H ditilik tina kualitas jeung lingkup eusi.
2. kamampuh nulis guguritan siswa MTs YPPA Cipulus kelas VIII H ditilik tina watek pupuh.
3. kamampuh nulis guguritan siswa MTs YPPA Cipulus kelas VIII H ditilik tina guru lagu.
4. kamampuh nulis guguritan siswa MTs YPPA Cipulus kelas VIII H ditilik tina guru wilangan.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun salasahiji référénsi pikeun mekarkeun deui panalungtikan anu leuwih jero ngeunaan maluruh kamampuh siswa kelas VIII dina nulis guguritan, tur méré sumbangan dina kamekaran bahan ajar dina kaparigelan nulis hususna nulis guguritan.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré ‘gambaran’ atawa pangaweruh ngeunaan kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII H MTs YPPA Cipulus anu antukna bakal jadi hiji tatapakan pikeun para pangatik dina néangan inovasi ngajarkeun nulis guguritan ka murid-muridna di MTs/SMP kelas VIII.



## 1.5 Sistematika Nyusun Skripsi

Raraga tulisan dina panalungtikan miboga fungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-lengkahna. Anapon raraga tulisan dina ieu panalungtikan nya éta:

### **BAB I: BUBUKA**

Bab I mangrupa bagéan awal dina ieu karya tulis wangun skripsi anu eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Dina ieu panalungtikan, Bab I medar kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, sarta tujuan jeung mangpaat panalungtikan anu patali jeung jejer panalungtikan nya éta “Kamapuh Nulis Guguritan Siswa Kelas VIII H MTs YPPA Cipulus Taun Ajaran 2012/2013.”

### **BAB II: Kajian Pustaka**

Kajian pustaka miboga fungsi salaku dadasar tioritis anu ngarojong kana masalah anu dipedar dina hiji panalungtikan, anu eusina nya éta konsep-konsep/tiori-tiori/dalil-dalil tur hukum-hukum ngeunaan widang anu ditalungtik.

Dina ieu panalungtikan, kajian pustaka anu dipedar patali jeung jejer panalungtikan anu ditalungtik, nya éta ngeunaan nulis, guguritan, jeung pupuh.

### **BAB III: Méthode Panalungtikan**

Bab III eusina mangrupa pertélaan ngeunaan méthode panalungtikan, kaasup sababaraha komponén ieu di handap, nya éta: a) subjék populasi jeung sampel panalungtikan; b) desain panalungtikan; c) méthode panalungtikan; d) wangenan operasional; e) instrumén panalungtikan; f) téhnik ngumpulkeun data; jeung g) analisis data.

### **BAB IV: Hasil Panalungtikan jeung Pembahasan**

Bab hasil panalungtikan jeung pembahasan eusina nya éta ngeunaan: a) ngolah atawa nganalisis data pikeun meunangkeun hasil anu patali jeung masalah

Purwanti Indra Sumantri, 2013

*Kamampuh Nulis Guguritan Siswa Kelas VIII H MTs YPPA Cipulus*

*Taun Ajaran 2012/2013*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan, *pertanyaan* panalungtikan, tujuan panalungtikan; jeung b) pembahasan atawa analisis hasil anu kapanggih.

Dina ieu panalungtikan, dipedar tur dianalisis sakur hasil anu kapanggih ngeunaan kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII H MTs YPPA Cipulus.

## **BAB V Kacindekan jeung Saran**

Bab kacindekan jeung saran nétélakeun *tafsiran* tur pema'naan panalungtik ngeunaan hasil analisis panalungtikan. Kacindekan dina ieu panalungtikan ditulis dumasar kana hasil analisis kana kamampuh siswa kelas VIII H MTs YPPA Cipulus dina nulis guguritan.

Saran atawa rékoméndasi disusun pikeun pihak-pihak anu patali jeung hasil panalungtikan anu geus dicangking. Dina ieu panalungtikan, saran ditulis pikeun guru, jeung siswa.